



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONFIMASYON MOUN NAN ADMINISTRASYON SWEN SANTE KE SENA A NONMEN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konfimasyon nouvo moun Sena a nonmen nan administrasyon swen sante a.

"Jan mwen te di depi premye jou lè mwen te vin Gouvènè, m ap chèche sila ki pi bon epi ki pi briyan yo pou sèvi New York pou ranfòse kominote nou yo nan chak kwen nan eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sèvitè piblik devwe sa yo p ap sèlman ede asire ke nou bay swen sante pi bon kalite pou Nouyòkè yo, men ke nou kontinye konstui sistèm swen sante a pou lavni a tou."

**Marcia Alkins** te konfime pou sèvi nan **Konsèy Sant Timoun Vil New York la.**

Madmwazèl Alkins gen plis pase 35 ane eksperyans nan sante kominotè. Madmwazèl Atkins te kòmanse karyè li antanke yon dyetetisyen nan Sant Psikyatrik Manhattan (Manhattan Psychiatric Center) nan Wards Island. Madmwazèl Alkins te kite Sant Psikyatrik Manhattan nan 1992 antanke yon Administratè Sante Mantal. Apre li te kite Ward's Island, Madmwazèl Alkins te pase 12 lane nan Depatman Koreksyon (Department of Correction), li te vin Direktè Egzekitif Adjwen an 2002. Nan wòl sa, li te responsab pou rekritman pèsònèl ak kontwòl lè siplemanchè. Pi resan, Madmwazèl Alkins te Direktè Adjwen nan Sant Psikyatrik pou Timoun Bronx (Bronx Childrens Psychiatric Center). Madmwazèl Alkins abite nan Long Island.

**Jane Bardavid** te konfime pou sèvi nan **Konsèy Vizitè nan Sant Psikyatrik**

**Creedmoor.** Madmwazèl Bardavid se yon travayè sosyal ki te nan pratik prive nan Vil New York depi 1980. Madmwazèl Bardavid te Direktè Egzekitif nan CAPE, yon klinik sante mantal ki otorize nan Eta New York, pou granmoun ki sitiye nan Queens depi plis pase 32 lane. Madmwazèl Bardavid te resevwa diplòm li nan travay sosyal nan Inivèsite Columbia an 1972.

**Joseph Coe** te konfime pou sèvi nan **Mezon pou Ansyen Militè ak Depandan yo nan Oxford.** Mesye Coe se yon ansyen militè ki pran retrèt nan Fòs Ayeryen Etazini ak nan Gad Nasyonan Ayeryen Eta New York. Anplis de sa, Mesye Coe te travay byen kout nan Depatman Prezèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York anvan li te vin tounen yon Ofisyè Polis nan Norwich, New York. Li te sèvi pandan 21 an epi li pran retrèt an 2006. Depi lè sa, Mesye Coe te travay pou

distri Lekòl Vil Norwich, Baz Fòs Ayeryen Hancock, ak antanke yon Espesyalis Enjenyeri Sivil pou Gad Nasyonal Ayeryen Ameriken an

**Denise Hodges** te konfime pou sèvi nan **Konsèy Vizitè nan Sant Psikyatrik Mediko-Legal Kirby**. Madmwazèl Hodges ap dirije aktyèlman yon pratik prive epi, anvan sa, li te yon konsiltan nan Sant Familyal nan Brooklyn, New York kote li te bay moun terapi ekstèn pou kliyan adilt nan laj mwayen ak adilt ki pi jèn. Anplis konsiltasyon li, Madmwazèl Hodges se Direktè nan Childrens Aid Society Homemaker Service. Madmwazèl Hodges pote eksperyans ki elaji lè li te travay nan: Urban Pathways, West Side Federation for Senior Housing, Care for the Homeless, ak Bridge Inc. Madmwazèl Hodges te resevwa diplòm li nan travay sosyal nan Inivèsité Fordham. Madmwazèl Hodges abite nan Brooklyn.

Yo konfime **Luis Freddy Molano, MD**, pou sèvi nan **Konsèy Sante pou Minorite (Minority Health Council)**. Doktè Molano te nonmen dabò nan jiyè 2020. Doktè Molano se Vis Prezidan Maladi Enfeksye - Pwogram LGBTQ ak Sèvis pou Rezo Swen Sante Kominotè. Nan wòl sa, Doktè Molano itilize eksperyans konsiderab li pou ede diminye risk maladi epi kreye rezilta sante ki pozitif. Doktè Molano te kòmanse karyè li nan Amerik Santral antanke yon pratisyen familyal. Doktè Molano te rejwenn Rezo Swen Sante Kominotè a nan 1989 kote konsantrasyon imedyat li se te tès VIH.

**Khadijah Osbourne** te konfime pou sèvi nan **Konsèy Vizitè nan Sant Psikyatrik Santral New York**. Aktyèlman Madmwazèl Osbourne se yon enfimyè nan Sant Medikal SUNY nan Nò Eta a epi li te la depi 2010. Aktyèlman, Madmwazèl Osbourne travay nan Nurse Core. Anvan sa, Madmwazèl Osbourne te travay nan: Iroquois Nursing Home, ak Syracuse Community Health Center. Madmwazèl Osbourne nan Clarks Burn Center, ak American Heart Association. Madmwazèl Osbourne abite nan Syracuse, New York.

Yo konfime **Romy Rosseau** pou sèvi nan **Sant Psikyatrik Mediko Legal Kirby**. Madmwazèl Rosseau se yon enfimyè sètifye nan New Hope Fertility Center. Anvan sa, Madmwazèl Rousseau te pase 30 an nan Kirby Forensics antanke yon enfimyè. Madmwazèl Rousseau abite nan Long Island.

**Nirmala Sankaran** te konfime pou sèvi nan **Konsèy Vizitè nan Biwo Sèvis pou Andikap Devlopman Distri Kapital yo**. Madmwazèl Sankaran t ap travay nan Òganizasyon Verifikasyon Pwofesyonèl Endepandan Depatman Sante (Independent Professional Review Organization, IPRO) kote li te ede fè ankèt sou sant devlopman yo nan don Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York. Madmwazèl Sankaran se yon rezidan Albany.

**Lynn Schuetrum** te konfime pou sèvi nan **Sant Psikyatrik Santral New York**. Madmwazèl Schuetrum se yon sipèvizè enfimyè nan Eddy Village Green nan Cohoes, New York. Nan pozisyon sa, Madmwazèl Schuetrum sipèvizè yon etablisman ki gen prèske 200 sitwayen granmoun. Madmwazèl Schuetrum te antre nan wòl aktyèl li ak eksperyans elaji li te travay pou: Vizite Nurses Home Care, Optum Behaviour Health, Value Options, Biwo Sèvis Sante Mantal nan Biwo Sante Mantal Eta New York (NYS

Bureau of Mental Services), Binghamton Pyschiatric Center, ak Biwo Jesyon Risk Sante Mantal Eta NY (NYS Office of Mental Health Risk Management).

Yo konfime **Denise Soffel, PhD** pou sèvi nan **Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante**. Madmwazèl Soffel gen plis pase 30 lane eksperyans ap travay nan domèn planifikasyon ak politik sante piblik. Madmwazèl Soffel te kòmanse karyè li lè li te travay nan Biwo Planifikasyon pou Kòporasyon Sante ak Lopital (Health and Hospitals Corporation) Vil NY. Pandan li t ap travay pou Vil New York, Madmwazèl Soffel te pran Doktora li nan Lekòl Sèvis Piblik Wagner NYU. Ekspètiz Madmwazèl Soffel te pèmèt li vin Analiz Politik Prensipal pou Sante nan Sosyete Sèvis Kominotè New York. Madmwazèl Soffel te sèvi kòm Direktè Egzekitif Komite Sante, Sena Eta NY soti 2009-2010. Pandan tout karyè li, Madmwazèl Soffel te yon patisipan aktif nan aktivite defans sante konsomatè.

Yo konfime **Gerri Trautz** pou sèvi nan **Sant Psikyatrik pou Timoun Rockland**. Mesye Trautz se yon ansyen anplwaye nan Sant Psikyatrik Rockland kote li te travay nan estaf devlopman kote li te konsantre pou asire ke tout anplwaye ak pèsonèl te ekipe ak konpetans ak zouti ki nesèsè pou konplete travay yo. Anplis travay li nan Sant Psikyatrik Rockland, Mesye Trautz te travay tou nan Sant Sante Robert L. Yeager, Loeb House, ak Mental House Association nan Konte Rockland. Nan kominote lokal li a, Mesye Trautz te sèvi nan Konsèy IRB Enstiti Nathan Kline, Konsèy Konsiltatif St. Domini, ak Konsèy Sèvis Kominotè - Konte Rockland.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418